

## Lis tout tarif ki mache ak Kat ki peye davans nan kad pwogram asirans chomaj eta Florid la

Tout tarif	Kantite lajan	Detay
<b>Depans lajan</b>		
Tranzaksyon nan yon tèminal vant	\$0.00	Pa gen tarif pou tranzaksyon ou fè ak nimewo idantifikasyon pèsònèl ou (kòd PIN) oswa ak siyati w nan yon tèminal nan Etazini.
<b>Pran lajan kach</b>		
Tiraj lajan nan ATM (ki nan rezo a)	\$0.00	Pa gen tarif lè w retire lajan nan yon ATM ki nan rezo a. "Nan rezo" a vle di nan rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak nan rezo ATM MoneyPass la. W ap jwenn kote yo ye yo sou <a href="https://wellsfargo.com/locator/">wellsfargo.com/locator/</a> ak sou <a href="https://moneypass.com/atm-locator.html">moneypass.com/atm-locator.html</a> .
Tiraj lajan nan ATM (ki deyò rezo a)	\$2.25	Sa se tarif pa nou. Deyò rezo" a vle di tout ATM ki pa fè pati rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak rezo ATM MoneyPass la. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon.
Tiraj lajan avèk èd anplwaye ki nan gichè a	\$3.00	Ou gen dwa pou retire lajan yon sèl fwa avèk èd anplwaye ki nan gichè a nan yon bank oswa yon sendika kredi ki manm Visa pou chak depo ki fèt nan yon mwa sivil san w pa peye pou sa.
<b>Enfòmasyon</b>		
Konsiltasyon balans nan ATM (nan rezo a)	\$0.00	Ou pap peye anyen pou konsilte balans ou nan yon ATM ki fè pati rezo a. "Nan rezo" a vle di nan rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak nan rezo ATM MoneyPass la.
Konsiltasyon balans nan ATM (deyò rezo a)	\$0.75	Sa se tarif pa nou. "Deyò rezo" a vle di tout ATM ki pa fè pati rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak rezo ATM MoneyPass la. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon.
Alèt pou mèt kat la	\$0.00	Ou pap peye anyen pou alèt nou voye mèt kat la nan imèl, nan telefòn oswa nan mesaj tèks. Konpayi telefòn selilè w oswa founisè sèvis Entènèt ou ka mande w peye pou sa.
Sèvis kliyan	\$0.00	Ou pap gen pou peye anyen si w rele liy sèvis kliyan nou an, menmsi se pou mande ki balans ou genyen.
Aksè ak kont kat la sou Entènèt	\$0.00	Ou pap peye anyen pou aksede ak enfòmasyon sou kont ou sou <a href="https://EPPICard.com">EPPICard.com</a> .
<b>Itilizasyon Kat ou nan peyi ki pa Etazini</b>		
Tiraj lajan nan ATM lòt peyi	\$2.25	Sa se tarif pa nou. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon. W ap gen pou peye yon tarif pou tranzaksyon entènasyonal tou.
Tarif pou tranzaksyon entènasyonal	3%	Sou montan an, kèlkeswa tranzaksyon an, an dola ameriken. Sa gen ladan l tiraj nan ATM. Tranzaksyon ki fèt nan teritwa Etazini yo pa tranzaksyon entènasyonal.
<b>Lòt</b>		
Ranplasman Kat	\$4.00	Ou gen dwa pou jwenn 1 kat ranplasman nan chak peryòd avantaj san w pa peye anyen pou sa. Delè livrezon nòmal la pou kat yo se 7 a 10 jou sivil.
Livrezon kat rapid	\$14.50	Si w mande nou voye kat ranplasman w lan pi rapid olye nou voye l fason nou toujou konn voye l la, w ap gen pou peye tarif pou livrezon kat rapid la anplis tarif ou sipoze peye pou ranplasman kat la. Delè livrezon rapid la pou kat yo se 3 a 5 jou sivil.
Transfè lajan atravè sistèm repons vokal entèraktif la (Interactive Voice Response, IVR)	\$1.50	Chak transfè ki soti nan kat debi ki peye davans lan pou ale sou kont an bank pèsònèl ou gen yon tarif.

Lajan w kalifye pou benefisye asirans FDIC a epi lajan sa a ap rete oswa transfere nan Wells Fargo Bank, N.A., yon enstitisyon FDIC asire. Kou l rive, lajan w ap benefisye asirans FDIC a pou jiska \$250,000 pou sizoka Wells Fargo ta fè fayit, depi ou respekte tout egzijans asirans lan mete pou depo yo. Ale sou [fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html](https://fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html) pou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

Pa gen opsyon pou dekouvé/kredi.

Kontakte sèvis kliyan EPPICard la nan nimewo telefòn 1-888-898-3584 oswa pa lapòs nan adrès P.O. Box 245997, San Antonio, TX 78224-5997, oubyen ale sou sit [EPPICard.com](https://EPPICard.com).

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou kont ki peye davans yo, ale sou [cfpb.gov/prepaid](https://cfpb.gov/prepaid).

Si w gen yon plent pou yon kont ki peye davans, rele Consumer Financial Protection Bureau a nan 1-855-411-2372 oswa ale sou [cfpb.gov/complaint](https://cfpb.gov/complaint).